

Swen Dan ak Twoou nan Dan



Granmoun aje yo ka pi arisk pou gen twoou nan dan akòz bouch sèk ak jansiv yo k ap ratresi. Maladi dyabèt ak medikaman granmoun aje yo pran souvan kapab lakòz bouch sèch la.

Kisa ki lakòz twoou nan dan?

Lè yon moun manje sa ki sikre oswa sa ki gen anpil fekilan sa kapab lakòz li gen twoou nan dan. Manje sa yo, lè yo melanje avèk bakteri ki nan bouch la, yo kapab lakòz dan an gate.

Pou kisa twoou nan dan yo pa bon?

Twoou nan dan kapab lakòz doulè. Twoou nan dan ki pa trete ka lakòz enfeksyon, domaj nan dan ak pèt dan.

Fason pou pa gen twoou nan dan:

- Wè dantis ou souvan
- Diminye nan manje ki gen anpil fekilan ak sik
- Limite bwason sikre ou
- Bwose dan ou apre chak fwa ou manje avèk yon bwòs dan moun ak pat dantifris abaz flyò

Tach nwa sa a
se yon twoou
nan dan an.
Moun gen
kalite tach nwa
sa a souvan
lè jansiv yo
ratresi.



**Kontakte dantis ou oswa pwofesyonèl swen dan ou
touswit si ou gen doulè oswa si ou bezwen swen dan.**



COLUMBIA UNIVERSITY
College of Dental Medicine

